

**SS.7.C.2.2**

*Evalye obligasyon sitwayen yo genyen pou obeyi lalwa, peye taks, defann peyi a, ak sèvi pou jiri.*

**Epitou Evalye**

**SS.7.C.2.3** - Eksperryans responsablite sitwayen yo nan nivo lokal la, eta a, oswa nivo federal la

**SS.7.C.2.14** - Fè yon pwojè sèvis pou kontinye ak byennèt publik la

**SS.7.C.2.2 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 5:** Elèv yo pral itilize senaryo pou evalye obligasyon espesifik yon sitwayen.

Obligasyon	Senaryo
Obeyi lwa yo	Yon sitwayen kap kondwi sou yon gran wout ki gen yon limit vitès ki afiche. Sitwayen an oblige obeyi limit vitès ki afiche a epi pa depase li.
Peye taks	Yon sitwayen manje yon repa nan yon restoran epi yo ba l frè a. Frè a enkli taks sou lavant la. Sitwayen oblige peye taks sou acha a an plis pri lap peye pou manje a.
Devwa Jiri	Yon sitwayen resevwa yon lèt di l pou al fè devwa jiri. Sitwayen an oblige ale nan tribunal la nan jou asiyen an oswa li riske gen pwoblèm ak tribunal la si l pa vini.
Defann nasyon an	Yon sitwayen gason ki vin gen 18 an; li dwe enskri pou sistèm <b>Sèvis Selektif</b> la, ke li ka fè sou sit entènèt Sistèm Sèvis Selektif la.

**obligasyon** - yon egijjans, yon bagay yon moun dwe fè

**sèvis selektif** – yon sistèm kote ke gason ki gen 18 jiska 25 kan anrejistre avèk gouvènman Etazini an pou sèvis militè posib